# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ЛИРИКАСЫНДА ТҮН ХРОНОТОПЫНЫҢ БЕРИЛИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ
## (И.Юсупов, Ш.Сейитов, С.Ибрагимов шығармалары мысалында)

**Г.И.Зинатдинова –** *докторант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** хронотоп, тун хронотопи, лирик композиция, лирик туркум
**Ключевые слова:** хронотоп, ночной хронотоп, лирическая композиция, лирический цикл.
**Key words:** chronotope, night chronotope, lyrical composition, lyrical cycle.

Қарақалпақ лирикасында көп ушырасатуғын көркем ўақыт түрине циклли (айланбалы) ўақыт киреди. Циклли ўақыт өзиниң қайталаныўшылығы [1:121-122], адамға бойсынбаўы ҳәм өзине тән кеңислик формаларына ийе екенлиги [2:32] менен өзгешеленеди. Көркем әдебиятта циклли ўақыт суткалық ўақыт (күн, түн, ақшам, таң, кеш) ҳәм тәбият мәўсимлери (қыс, бәҳәр, жаз, гүз) арқалы билдириледи [3:66-67].

Қарақалпақ лирикасында күн, түн, ақшам, таң (суткалық), қыс, бәҳәр, жаз, гүз (мәўсимлик) хронотоплары қолланылады. Булардың ишинде түн хронотопының берилиўи өзине тән өзгешеликлерге ийе болып, белгили қарақалпақ шайырлары Ш.Сейитовтың «Балалықтағы достыма», «Сағыныш», «Қосық жазылажақ», «Кешигип келген бахыт ямаса сөк ҳаққында қосық», «Даўылпаз ғарры ҳәм оның даўыллы, жаўынлы жолы», И.Юсуповтың «Түни менен қырғаўыллар шақырды», «Пәлекли қоста түнеў», «Амира азаплары», «Тымырық», «Анна Ахматованы оқығанда», «Александр Блокты оқығанда», Б.Генжемуратовтың «Аязлы январьдың қарлы түнинде…», «Аяғыма оралар гүллер», «Төсегим – қара тас, көрпем – гүл, жапырақ» қосықларында, С.Ибрагимовтың «Түнге қалған жолаўшы», «Түнги автобус» сыяқлы лирикалық дүркинлеринде берилген.

Түн хронотопы әдебияттаныў илиминде ҳәр қыйлы көзқарасларда үйренилген. Усыған байланыслы илимпазлар тәрепинен «түн темасы», «түнги поэзия» [4], «түн тексти», «түнги сана» [5], «түн хронотопы» терминлери қатар қолланылады.

Түн хронотопы ҳаққында белгили илимпаз А.Б.Есин мынадай пикир билдиреди: «Мифологияда түн жаўыз күшлердиң үстемлик етиў ўақты, таң атыўы, қораздың шақырыўы болса, олардан қутылыў ўақты болып келди» [3:66-67]. Кейинги дәўирлерде бул дәстүр эмоционаллық-психологиялық ойлардың жеккеликке умтылыўы, индивидуалласыўы нәтийжесинде өзгериске ушырады. Нәтийжеде, атақлы рус шайыры А.С.Пушкинниң ҳәм белгили өзбек жазыўшысы А.Мухтардың дөретиўшиликлеринде түн ойларға берилиў («Стихи, сочиненные ночью во время бессоницы» [6:328] ямаса «Уйқу қочганда… (Тундаликлар) [7] »), А.Ахматова лирикаларында тынышсызланыў, сағыныў («Подушка уже горяча…» [8:24]) ўақтына айланды.

Белгили өзбек шайырлары Ш.Рахмон, Р.Парфи лирикасында түн хронотопы пейзажлық сүўретлеўлер менен қатар қолланылады. Мәселен:

*Тун* келар,
қадимий осойишта *тун,*
ой ҳайдар булутлар –
теваларини,
саноқсиз қорамтир қалқонлар билан
дарахтлар яширар меваларини.
...Саҳарга қадар
Рангин олмаларни ўйнаб отар *тун* [9:383].

Ш.Рахмон лирикасындағы ўақыт ҳәм кеңисликти изертлеген илимпаз Д.Хурсановтың пикиринше, шайыр сезимлер менен суўғарылған мақсетти бирден айтпайды. Ол, дәслеп, хроникалық сүўретлеўге тийкарланып көркем хронотопты оқыўшы көз алдында жанландырады, соннан кейин ғана қосық жазылған ўақыт реалласады, сезимлик кеўил кеширмелери ҳәрекетке келеди. Ўақыт пенен пейзаждың бирлесиўи бир пүтин композициялық системаны пайда етеди [10:67-70]. Белгили қарақалпақ шайырлары Ш.Сейитов ҳәм И.Юсуповтың қосықларында да түн хронотопы пейзажлық сүўретлеўлер менен қатар қолланылғанлығын көриўимизге болады. Мәселен, төмендеги қатарларда түнги пейжаздың әжайып үлгилери берилген:

Алыста муңартар аўыл тереги,
Таўықлар шақырып, ийтлер үреди.
Тынған керизинен насос салманың
Қурбақалар тынбай концерт береди.
*Түнге* үңилсең кеўлиң хүрейленеди,
Кирпишешен тысыр-тысыр келеди.
Балларын қымтаған ана қолындай,
Бийшеклерин қымтар қаўын пәлеги («Пәлекли қоста түнеў») [11:48-49].

Тоғай, дәрья, перийза аспан...–
Тәбияттың жәмленген көркин,
Көрип өстим бул маннан жастан,
Гөззаллықты бул маннан көрдим!
Тынық *түн*де тырна ушырған,
Жаңғырықлар ядыңда шығар?! («Балалықтағы достыма») [12].

Келтирилген мысалларда лирикалық ўақыт сыпатында түн хронотопының таңланыўы шайырлардың идеяны ашыўдағы шеберлигин көрсетеди. Себеби, түн инсанның руўхый әлемин, ишки сырларын ашып бериў ушын ең қолайлы ўақыт есапланады. Бунда лирикалық қаҳарман түнги пейзаж арқалы балалық, жаслық, туңғыш муҳаббат жылларын ядына түсиреди. Лирикалық қаҳарман ушын түн сезимлерге берилиў, қыял сүриў ўақты ғана емес, гөззаллық ҳаққындағы дәслепки түсиниклерди пайда етиў, жанлы тәбият менен сәўбетлесиў, сырласыў, муҳаббатқа ықрар болыў ҳәм сол арқалы руўхый ашылысыў, пәклениў ўақты есапланады. Бунда ақыл ҳәм сезим арасындағы қарама-қарсылық күн ҳәм түнниң гүреси мысалында берилген, яғный күндиз ақыл менен жасаўшы инсан түнде сезимлерге өз еркин бергенин өзи де аңламай қалады. Бул жағынан еки шайырдың лирикасындағы түн хронотопы бир-бирине жақын болып, И.Юсупов ҳәм Ш.Сейитов лирикасында түн хронотопы:

1) Илҳамланыў, дөретиўшилик пенен шуғылланыў ўақты;
2) Тәбият пенен сырласыў, пейжазлық сүўретлеўлер ўақты;
3) Балалық жылларды, әрманлы муҳаббатты еске түсириў ўақты;
4) Ықрар болыў, ақыл ҳәм сезимниң гүресиў ўақты есапланады.

Сондай-ақ, С.Ибрагимовтың «Түнге қалған жолаўшы», «Түнги автобус» лирикалық дүркинлеринде түн хронотопы шығарма композициясын дүзиўде қатнасқан. Илимпаз М.Оразымбетованың қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлер поэтикасына арналған мийнетиниң «Лирикалық дүркинлердиң композициясы, сюжет ҳәм хронотоп» деп аталған бөлиминде лирикалық дүркинлер композициясын дүзиўде хронотоптың әҳмийетли екенлигин атап көрсеткен [13]. Шайырдың «Түнге қалған жолаўшы» дүркини «Қарлығаш, жарқылық, үш күн даўамы…», «Күнлерди биймәўрит асықтырмайын», «Түнги тынышлықта тынықты булақ» сыяқлы 33 қосықтан

ибарат болып, олардың барлығы бир көркем ўақыт бирлиги – түнге жәмлестирилген. Мәселен:

Түнге мүнажатым – қолым жайылған
көкирегимниң купыя бүклемлерине,
бирақ мен бул отқа қарай алмайман –
қабығы аршылған көкирегиме… [14:13].

Инсан тәбияты қубылмалы ҳәм өзгериўшең, оны толық түсиниў, аңлаўдың имканияты жоқ. Базда ол өзин өзи де аңлай алмай қалатуғын мәўритлер болады. Жоқарыда келтирилген қатарларда, әне, усындай инсан психологиясының қубылмалы сырлары ҳаққында сөз етилген болып, бунда көкирегиниң қупыя бүклемлерин ашыўды түннен өтинип сораған лирикалық қаҳарманды көриўимизге болады. Бирақ, бул бүклемлер ашылған ўақытта ондағы нәрселерге – отлы сезимлерге қараўға бетлей алмайды. Бул – инсан руўхыятының өзгешелиги, өзи қәлеп, талпынған нәрсесинен бир заматта ўаз кешетуғын, идеаллыққа даўа қылатуғын, оны басқалардан күтетуғын, лекин ол талапларға өзи ҳешқашан жуўап бере алмайтуғын инсан характери. Бул ҳаққында шайырдың өзиниң мына пикирлери дыққатқа ылайық: «Бүгинги гуманитар илимлер инсанды көп жағынан түсиндирип берди. Ҳәзирги заман поэзиясы усы интеллектуаллық байлықларды өзлестириў арқалы ғана адамның руўхый зәрүрияты болатуғын дәрежеге көтериле алады. Мәселен, психологиядағы намукаммаллық комплекси (комплекс неполноценности) түсиниги көп ғана адамлардың жасаў тәризин түсиндирип береди – адам психологиясына усы гилтлер заманагөй поэзияның ҳәрекет майданы» [15:347].

«Түнги автобус» дүркининде бир ўақыт (түн), бир орын (автобус) бирлиги ишиндеги лирикалық қаҳарманның түнги автобуста ийнине бас қойған сүйиклисине деген интим сезимлери, муҳаббаты берилген. Келтирилген лирикалық дүркинлердиң сыртқы композициясы, яғный дүркинди пайда етиўши барлық қосықлар түн хронотопына бириктирилгени менен ишки композицияда – ҳәрбир қосықта берилген түн өз алдына поэтикалық мазмунды пайда етеди. Демек, С.Ибрагимов дөретиўшилигинде базы қосықларда түн интим сезимлерди бериў ушын қолланылса, екинши бир қосықта өмир ҳаққында философиялық пикирлерди, үшинши бир топардағы қосықларда болса инсан психологиясының сырлы тәреплерин бериў хызметин атқарады.

## Әдебиятлар


1. От художественного текста – к художественному миру. Теория. Методика. Практика. Под ред. В.В.Савельевой. – Алматы: Фонд 21 века, 2000. – С. 121-122.
2. Темирболат А.Б. Проблема хронотопа в современной прозе. – Алматы: 2003. – С.32.
3. Есин А.Б. Принципы и приёмы анализа литературного произведения. – Москва: Флинта. «Наука», 2000. – С. 66-67.
4. Тихомирова Л.Н. «Ночная» поэзия в русской романтической традиции: генезис, онтология, поэтика. Автореферат дисс.канд.наук. – Екатеринбург: 2010; Касаткина В.Н. Тютчевская традиция в «ночной» поэзии А.А.Фета и К.К.Случевского // Вопросы развития русской поэзии XIX в.: науч.тр. – Куйбышев: 1975. – С.70-89; Хурумов С.Ю. «Ночная» «кладбищенская» английская поэзия в восприятии С.С.Боброва. дис…канд.филол.наук. – Москва: 1998.
5. Топоров В.Н. «Текст ночи» в русской поэзии XVIII – начала XIX века // Из истории русской литературы. – Москва: 2003.
6. Пушкин А.С. Собрание сочинений в 10 томах. – Москва: ГИХЛ, 1959-1962. Том 2. Стихотворения 1823-1836. – С. 318. Электронная публикация. Версия 6.0. 2019г. // https: //www.rvb.ru
7. Мухтор Асқад. Уйқу қочганда… (Тундаликлар). – Тошкент: «Маънавият», 2005.
8. Ахматова А. Собрание сочинение в шести томах. Том 1. – Москва: «Эллис Лак», 1988. – С. 24. [Электронный ресурс] // www.librams.ru
9. Шавкат Раҳмон. Абадият оралаб. – Тошкент: «Мовароуннахр», 2012, 383-б.
10. Хурсанов Д. Шавкат Рахмон шеьриятида макон ва замон тасвири. // Хорижий филология илмий ахборотномаси, 2017, №4. 67-70-б.
11. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. Үш томлық. II том. – Нөкис: «Билим», 2018, 48-49-б.
12. Сейитов Ш. Жоллар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987, 22-б.
13. Оразымбетова М. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлердиң поэтикасы. Филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) диссертациясы. – Нөкис: 2021.
14. Ибрагимов С. Таңламалы қосықлар. – Нөкис: «Билим», 2016, 13-б.
15. «Сөз – бул кийели нәрсе…» ( С.Ибрагимов пенен Б.Нурабуллаевтың сәўбети). С.Ибрагимов С. Таңламалы қосықлар. – Нөкис: «Билим», 2016, 347-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ҳозирги қорақалпоқ лирикасида тун хронотопининг ифодаланиш хусусиятлари ўрганилган. И.Юсупов, Ш.Сейитов, С.Ибрагимовларнинг асарларидан мисоллар келтирилиб, кенг талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются особенности выражения ночного хронотопа в современной каракалпакской лирике. Приводятся и широко интерпретируются примеры из работ И. Юсупова, Ш. Сеитова, С. Ибрагимова.

**SUMMARY.** The article examines the characteristics of the expression of the night chronotope in the modern Karakalpak lyrics. Examples from the works of I. Yusupov, Sh. Seyitov, S. Ibragimov are given and widely interpreted.

# M A Z M U N I

## TÁBIYIY HÁM TEXNIKALIQ ILIMLER

### Fizika. Matematika. Texnika. Informatika

**Абдреймов А.А., Мадияров Д.Н., Хожамуратова А.Р.** Зависимость сопротивление растекания от диаметр микроплазмы, дифференциальное сопротивление растекания микроплазм и его распределения ряду Тейлора и решения систем функции методом Коши ………………………………………………………………………………….. 3
**Ajieva M.B., Artikov M.B., Ajieva Z.B., Sultonov D.Q., Bazarbaeva L.G.** Neft shıǵındılarınan paydalanıp jasalma jol menen janılǵı alıw ……………………………………………………………………………………………………… 4
**Akimova J., Otarbaev A., Yuldashov D.** Germaniy atomlarınıń elektronlar menen nurlandırılǵan kremniy-germaniyde divakansiyalardıń payda bolıwına tásiri ……………………………………………………………………………… 6
**Даулетов А.Ю.** Ташкилотда электрон ҳужжат айланиш тизимини жорий қилиш талаблари ва натижалари таҳлили … 7
**Djaykov G.M., Bekbosinov A.D.** Solution of parabolic radon transform with given weight function …………………….. 11
**Djumabaev N.** Kvadrat teńlemege keltiriw arqali sheshiletuǵin quramali algebraliq teńlemelerdi sheshiw usillari ……….. 12
**Iliyev X.M., Isamov S.B., Xudoynazarov Z.B., Xolmonov R.O‘., Isakov B.O.** Kirishma atomlarini kremniyga elektr maydon yordamida diffuziya qilish …………………………………………………………………………………………….. 13
**Jalekeshov A.S.** $La_{2-x}Sr_xCuO_4$ yupqa pardasi o‘tao‘tkazuvchanlik haroratining hosilaviy qiymatlari haqida ……………….. 15
**Mamatov N.S., Jalelov K.M., Samijonov B.N., Samijonov A.N., Madaminjonov A.D.** Sóylew signallarındaǵı shawqımdı joq etiwde aynalaw usılların paydalanıw ……………………………………………………………………………… 18
**Muhamediyeva D.T., Sobirov R.A., Egamberdiyev N.** Sun’iy intellekt texnologiyalarini kredit riskini baholash uchun qo’llash … 21
**Сафиуллина А.К., Эрназарова Д.Қ., Кушанов Ф.Н.** Селекция учун бошлангич материал яратишда *G.Hirsutum* l. турининг генетик салоҳиятидан фойдаланиш ………………………………………………………………………….. 23
**Sapayev U.Q., Ro’ziyev Z.J., Soliyeva N.M.** Nochiziqli optik jarayonlarni o‘rganishda qo‘llaniladigan matematik modellar qiyosiy tahlili ……………………………………………………………………………………………………….. 26
**Сеитназаров К.К., Турдышов Д.Х., Туремуратова Б.К., Мухиятдинов Н.С.** Обзор методов получения космических изображений с высоким разрешением ………………………………………………………………………….. 28

### Biologiya. Zoologiya

**Baltabaev M.T., Jabbarbergenov A.** Sipseniń (kochia scoparia l. schrad) bio-ekologiyaliq ózgeshelikleri …………………….. 31
**Бердибаев А.С.** Қорақалпоғистонда уй мушукларининг цестода синфига мансуб гельминтлар билан зарарланиши … 32
**Kadirova D.N.** Zingiber officinale. l ga botanik tavsif ………………………………………………………………………… 34
**Реймов Қ.Д., Гулимбетов Б.Д., Тажибаева Ж., Сейтмуратов А.К., Сейилханова А.Н., Медетов М.Ж.** Жанубий оролқум энтомофаунасига айрим антропоген омилларнинг таъсири ……………………………………………………… 36
**Турсинбаева Г.С., Сапаров А.** Строение стебля эфемеров сем.brassicaceae burnett ………………………………….. 38
**Утенова Г.У., Узакбергенов А.Ж.** Зарарли кемирувчилар билан курашишнинг экологик асослари …………………... 40

### Geografiya. Ekologiya

**Ембергенов Н.Ж., Ауезов О.Т.** Қорақалпоғистон Республикаси аҳолисининг табиий кўпайиши ва унинг меҳнат ресурсларининг шаклланишидаги ўрни ……………………………………………………………………………… 41
**Эсанов Н.А., Холмуратова М.К.** Термиз шаҳри туристик салоҳияти ……………………………………………….. 43
**Жониев О.Т.** Амударё ҳозирги дельтасидаги суғорилмайдиган ҳудудларнинг тупроқ қоплами структкраси ва унинг чўллашиш жараёнидаги трансформацияси ………………………………………………………………………… 45
**Тлеумуратова Б.С., Уразымбетова Э.П., Султашов Р.Г.** Трехсуточная динамика метеоэлементов при пылевых бурях Приаралья ……………………………………………………………………………………………………………... 47
**Усманов М.Р., Абдираманов Ж.Б.** Айдар-арнасой кўллар тизимида туризмни ривожлантириш имкониятлари ………... 51
**Утемуратов Н.А., Хушматов Ш.С.** Оролбўйи минтақасида жойлашган мактаб ўқувчиларида “*Z-score*”-таҳлил ва перцентиль қийматлари бўйича жисмоний ривожланиш даражаси таҳлили ………………………………………… 52

## JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALIQ ILIMLER

### Tariyx. Huqıqtanıw. Ruwqıylıq

**Allambergenov A.** Globallasıw dawirinde milliy, regionallıq qádiriyatlardıń óz-ara baylanısı ………………………………... 56
**Xakimov J.N.** Buxoro amirligidagi ayrim etnik guruhlarning jamiyatning turli sohalarida tutgan o‘rni ……………………… 57
**Қанаатов Е.Е., Шамшаддинова С.С.** Кубла-шығыс Үстирт аймағындағы тарийхый жер-суў атамалары ҳаққында ….. 59
**Сеилбекова Р.** Состояние академической науки Каракалпакстана на начальном этапе национальной независимости 62

## TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANIW

### Til bilimi

**Абдиназимов Ш.Н.** А.Н.Кононов ҳәм тюркология илими ……………………………………………………………… 65
**Allanazarov E., Erejepova Q.** I.Yusupovtıń “Dala ármanları” shıǵarmasında metaforalardıń stillik qollanılıwı ……………….. 67
**Babayeva M.A., Qutibaeva A.** Qoraqalpog‘iston turkmanlari tilining o‘rganilishi tarixi ……………………………………... 68
**Байқабылов У., Төрткулбаева Т.** Сөзлик – руўхый қәдирият ………………………………………………………….. 70
**Диланов Б.Г.** С.Мәжийтов шығармаларында фразеологизмлердиң қолланылыў өзгешеликлери ………………………. 72
**Xamroyeva Sh.M., Matyakubova N.S.** Korpus lingvistikasida «Aligner” dasturlarning o‘rni ………………………………. 74
**Jolımbetova Sh.A.** G.Dáwletova shıǵarmalarında frazeologizmlerdiń qollanılıwı …………………………………………….. 76
**Koshanov K.M., Sarsenbaeva I.U.** Anglichan tilinen ózlestirilgen sózlerdiń Nókis kóshelerinde qollanılıwı ………………….. 78
**Курбониязов Г.А.** Қорақалпоқ тилидаги “ийт” компонентли фраземаларнинг лингвомаданий хусусиятлари …………… 79
**Nurlıbekova G.M.** Qaraqalpaq tilinde glyuttoniyalıq diskurslardı izertlewdiń áhmiyeti ……………………………………… 82
**Ruzimov Sh.S.** A.Saidov, D.Yax’yoyeva inglizcha-o‘zbekcha-ruscha soliq va iqtisodiyot atamalari lug‘atining lingvistik tahlili 84
**Шынназарова С.** Соматикалық фразеологизмлер– лингвокультурологиялық бирликлерден бири ……………………... 85

### Ádebiyattanıw

**Абдалиева Г.Р.** Метафорическое использование названий животных и птиц в художественных текстах Т.Каипбергенова …………………………………………………………………………………………………………... 87
**Allamuratova Z.M.** Qaraqalpaq prozasında detektiv gúrrińlerdiń tutqan ornı (J.Oteniyazovtıń detektiv gúrrińleri mısalında) 90
**Алиева Х.Р.** М.Жуманазарова ҳәм П.Мырзабаеваның философиялық-интеллектуаллық лирикасында лирикалық характердиң жаратылыў өзгешелиги ……………………………………………………………………………… 92
**Амирқулова З.М.** Тарихий ҳикояларда тарихий образлар талқини …………………………………………………….. 94
**Баўетдинов М.К.** Қазақ ҳәм өзбек әдебияттаныўында стиль мәселесиниң изертлениўи ……………………………… 96
**Бийсенбаев Қ.Б.** Қорақалпоқ болалар фольклорининг шаклланишида халқ оғзаки ижодкорлигининг тутган ўрни ва аҳамияти 98
**Erejepov A.A.** Baqsıshılıq mekteplериniń kórkem atqarıwshılıq óneri …………………………………………………………. 99
**Калбаева Г.С.** Образ феи в легендах и их исторические основы …………………………………………………… 101
**Qahharova D.A.** Mumtoz adabiyotda ko‘ngil timsoli tasvirida an’ana va o‘ziga xoslik (Bobur lirikasi misolida) ………………. 103
**Насирова А.П.** Қарақалпақ халық айтысларында ассонанс ………………………………………………………… 106
**Палымбетов К.С.** «Тас»қа байланыслы исенимлер ……………………………………………………………………… 107
**Зинатдинова Г.И.** Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында түн хронотопының бериliў өзгешеликлери (И.Юсупов, Ш.Сейитов, С.Ибрагимов шығармалары мысалында) ……………………………………………………………… 110